

Chè Paran oswa Responsab,

Chak ane, elèv ki nan pwogram elèv k ap aprann anglè yo fè tès metriz lang ACCESS for ELL la. Tès la mezire nivo metriz lang Anglè akademik pou elèv k ap aprann anglè nan lekòl nou an ak nan tout eta nou an.

Gen yon Kanè Elèv Endividyèl ansanm ak lèt sa. Rapò sa bay enfòmasyon sou rezilt tès pitit ou an. Se pou ou revize epi kenbe enfòmasyon sa.

Pwofesè nan lekòl nou yo itilize enfòmasyon sa pou ede yo pran desizyon sou enstriksyon pou pitit ou an. Pwofesè yo itilize nòt tès sa yo tou pou kontwole pwogrè pitit ou an fè nan metriz lang anglè.

Tanpri kontakte m si ou gen kesyon sou tès ACCESS for ELL la. Ou ta ka vle konnen:

- Kijan pwofesè yo itilize rezilta tès yo?
- Ki objektif lang anglè pitit mwen an?
- Anplis anglè a, ki lòt bagay pitit mwen an aprann nan lekòl la?

Sensèman,